

**Kòman mwen ka asire m mwen
konprann sa doktè a ap di a?**

- + Pran yon entèprèt ki kalifye
- + Poze késyon
- + Repete sa ou konprann yo bay doktè a

Sonje byen, pa gen pwoblèm pou w di
doktè w gen yon bagay ou pa t konprann.

Pou plis enfòmasyon sou
sèvis nan lang, rele
1-844-692-4692



Swen pou NYC.
San okenn eksepsyon.

**NYC
HEALTH+
HOSPITALS**




Rete konekte. Swiv nou.

www.nychealthandhospitals.org

**NYC
HEALTH+
HOSPITALS**

Nou pale lang ou an

Chèche èd si lang ou prefere
a pa Anglè



Nan NYC Health + Hospitals,
nou pale plis pase 300 lang,
menm Langaj Siy Ameriken
(American Sign Language,
ASL).

Mande pou w jwenn yon
entèprèt ki pale lang ou
prefere a. Yon entèprèt ka ede
w jwenn swen ki pi bon an
pou tèt ou ak pou fanmi ou.



**Se dwa w pou w gen yon entèprèt lè
w vini nan NYC Health + Hospitals.
Epi li GRATIS!**

Poukisa li enpòtan pou w pran yon entèprèt?

Travay ak yon entèprèt ede w fè bagay sa yo:

- + Ou ka pataje enfòmasyon yo bay ekip swen sante w la
- + Ou jwenn enfòmasyon ou bezwen pou w pran swen sante ou
- + Ou jwenn repons pou tout kesyon ou yo
- + Ou jwenn pi bon swen posib

Li pi bon pou w pran yon entèprèt ki fòme.
Yon entèprèt ki fòme se yon moun ki:

- + Se yon ekspè ni nan Anglè ni nan lang ou prefere a
- + Konnen kilti ou
- + Gen fòmasyon espesyal pou ede ou menm ak doktè a konprann youn lòt

Gen kèk moun ki conn mande yon zanmi oswa yon fanmi - menm timoun tou - èd pou pale ak doktè yo. Men, jeneralman yo pa fòme pou yo vin entèprèt medikal. Nou rekòmande pou w sèlman pran yon entèprèt medikal ki fòme.

Kijan mwen ka jwenn yon entèprèt?

- + Itilize aplikasyon an sou telefòn ou oswa mache ak yon kat ki di ki lang ou pale epi montre ekip swen sante w la li.
- + Di ekip swen sante a ou bezwen yon entèprèt



Gen 2 fwa
plis chans
pou yo fè erè
grav ki kapab
afekte sante
yon pasyan
lè yo pa itilize
yon entèprèt
ki fòme.

Mwen pale Anglè tou piti. Èske mwen ka toujou jwenn yon entèprèt?

Wi! Menm si ou pale
Anglè tou piti, li enpòtan
pou w tandé enfòmasyon
sou sante w nan lang
prefere ou pale a. Pafwa
ekspresyon medikal yo pi
fasil pou konprann nan
pwòp lang ou.



Nou ofri 3 kalite entèpretasyon:

Telefòn

Videyo

An pèsòn



Gen kèk nan opsyon sa yo
ki ka pa toujou disponib
tout lè, men ou ka fè ekip
swen sante w la konnen sa
ou pi pito a.